TATA PANGIBADAH GKJ KOTAGEDE

===\ Minggu, 22 November 2026 - Jam 06.30 (Minggu Kristus Raja) \===

Pamaosing pawartos pasamuwan

TIMBALAN PANGIBADAH

Prdt.: Pasamuwan ingkang kinasih, kanthi nyawiji ing manah sumangga kita lumebet ing pangibadah menika kanthi ngrepekaken **KPJ 2: 1,2 "Allah Mahasuci",** kita repekaken kanthi jumeneng.

1) Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki
   agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya.
   Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.

2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya kawula nlangsani dosa.
   Mugi angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayem.
   Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.

VOTUM lan SALAM *(jumeneng)*

Pdt: Sumangga pangibadah punika sami kita sengker kanthi pengaken, Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tuking pitulungan kita.
Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing para sedherek sedaya. Amin.

KIDUNG PAMUJI *(lenggah)*

Imam: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita puji Asmanipun Gusti kanthi nngrepekaken **KPJ 27: 1,2 "Sakehing Titah Ing Bumi"**

1) Sakehing titah ing bumi padha giranga memuji. Haleluya, haleluya!
   Surya prakosa sumunar, candra, kartika kababar. Puji Gusti saben wanci.
   Haleluya, haleluya, haleluya!

2) Angin tan kendhat lumaku, méga lan mendhung lumintu. Haléluya, haléluya!
   Hawa ketiga ngresepi, mangsa rendheng kang gumanti. Puji Gusti saben wanci.
   Haléluya, haléluya, haléluya

PANGAKENING DOSA

Pdt : Sumangga kita tampi angger-angger katresnan saking Gusti kados ingkang sinerat ing **Mateus 22: 37-40**, ingkang makaten:

Paring wangsulane Gusti Yesus: "Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing

sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau."

Pasamuwan ingkang kinasih, mboten wonten setunggal kémawon ing antawis kita ingkang saged netepi dhawuh punika kanthi sampurna. Kita langkung asring ngasihi dhiri kita piyambak katimbang ngasihi Gusti lan sesami, pramila mangga kita nélakaken keduwung lan pamratobat kita, kanthi pandonga sacara pribadi.

[Ening sawetawis / pandonga pribadi]

Pdt: Dhuh Gusti, makaten sadaya pangakening dosa-dosa kawula ingkang kawula unjukaken kanthi tulusing manah dhumateng Paduka. Kawula nyadhong sih-kawelasan Paduka. Mugi paring pangaksama. Amin.

KIDUNG PANELANGSA

Imam: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita nelangsani dosa-dosa kita, kanthi ngrepekaken kidung panelangsa saking **KPJ 55: 1,2 "Kula Tyang Dosa".**

1) Kula tyang dosa klangkung ageng, rinentahan palimirma.
   Punika ngeram-eramaken, kawula sewu tan nyana.
   Mangke tan wonten paniksa mangke tan wonten paniksa
   Ming rumentahing sih mirma, ming rumentahing sih mirma.

2) Allah ngasihi dhateng kula, dosa kula ingaksama.
   Tan wonten mulading bendunya, wit kula ingangkat putra.
   Kula punika sinten, ta, kula punika sinten, ta
   dé rinentahan sih-mirma? dé rinentahan sih-mirma?

PAWARTOS SIH-RAHMAT lan PITEDAH GESANG ENGGAL

- **Pawartos Sih Rahmat → Yoel 2: 12-13**

  Pdt : *Pangandikane Pangeran Yehuwah mangkene: "Nanging saiki uga, padha mratobata marang Ingsun kalawan gumolonging atinira, kalawan puwasa, lan nangis sarta sambat-sambat." Atimu suweken, aja sandhanganmu, sarta mratobata marang Pangeran Yehuwah Allahmu, dene Panjenengane iku asipat asih lan welasan, gedhe sabare lan luber kamirahane, Panjenengane piduwung ing bab paukuman kang karancang.*

- **Pitedah Gesang Enggal → Yokanan 13: 34-35**

  Pdt : *Kowe padha Dakwenehi pepakon anyar, iya iku supaya kowe padha tresna-tinresnanana: dikaya anggonKu wus tresna marang kowe, kowe iya padha*

tresna-tinresnanana uga. Kanthi mangkono saben wong bakal padha weruh, yen kowe padha dadi siswaKu, yaiku manawa kowe padha tresna-tinresnan."

KIDUNG KASANGGEMAN *(jumeneng)*

Imam: Kita tanggapi pawartos sih rahmad saha pitedah gesang enggal saking Gusti punika kanthi ngrepekaken Kidung Kasanggeman saking **KPJ 125: 1,2,3 "Lamun Kula Mlampah",** kita repekaken kanthi jumeneng.

1) Lamun kula mlampah neng margining Allah, kula sestu ngraosken bingah. Kula yakin estu, Gusti nuntun tamtu mring tyang kang pitados satuhu.
   Refr. Mung sawiji kabegjan sejati, nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.
2) Yen peteng ing manah, kabidhung ing sisah, kula nilingken sabdeng Allah. Uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir, angger pasrah kang trusing manah.
3) Iba begja kula, sajroning ginodha kiniyatken dening sabdanya. Rineksa rinimat tan dhawah tan lesah, wit saking sih-rahmating Allah…**Refr**…

PALADOSAN PANGANDIKA *(lenggah)*

- **Pandonga Epiklese** *(nyuwun panuntuning Sang Roh Suci)*
- **Pamaosing Kitab Suci**

  Pdt : Waosan Kitab Suci kapethik saking …… Rahayu ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti saha sami dipun estokaken. **Haleluya**!

  J : *(ngrepekaken)* **Haleluya! Amin!**
- **Khotbah**
- **Wekdal Ening**

PANDONGA SAFAAT kapungkasan **DONGA RAMA KAWULA** *(kakidungaken)*

♫ *Rama Kawula ing swarga, asma Tuwan kasucekaken, kraton Tuwan mugi rawuha, karsa Tuwan k'lampahan ing bumi kadosa ing swarga, paringana dinten niki, rejeki sacekapipun, apuntena lepat kula kados kula ngapunten ing tyang kang k'lepatan dhateng kula, sampun ngantos kawula kabekta ing panggodha, nanging mugi kauwalaken saking piawon, awit Tuwan kagungan kraton, saha wisesa, tuwin kamulyan, s'laminya, Amin.*

PISUNGSUNG SOKUR

- **Dhasar Pisungsung → Mazmur 66:13-15**

  Kawula badhe sowan lumebet ing padaleman Paduka ngaturaken kurban obaran, saha ngluwari nadar kawula konjuk dhumateng Paduka, inggih punika nadar ingkang kawedal saking lambe kawula, sarta kaucapaken cangkem kawula, nalika kawula nandhang sisah. Kurban-kurban obaran warni kewan leman ingkang badhe kawula

aturaken dhumateng Paduka, kanthi kumeluning kurban menda-menda jaler; kawula badhe nyaosaken lembu punapadene menda jaler..

- **Kidung Pisungsung → KPJ 373: 1,2 "Apa Kowe Bisa Ngetung"**

1) Apa kowe bisa ngetung lintang kang neng angkasa?
Mangkono uga mring mendhung dalah sakehing mega?
Kabeh iku nut pangrehe Pangeran kang nitahake,
ora ana siji bae kang uwal king astane..

Kantong pisungsung kaedaraken, kairing instrumen.
Sasampunipun kantong kaedaraken, **Pasamuwan Tetep Lenggah** *lan ngidungaken pada saklajengipun*

2) Apa kowe wruh cacahe lemud - lemud ing njaba?
Apa kowe wruh wernane iwak jroning sagara?
Kabeh iku saben dina deningoni Hyang Makwasa;
ora ana siji bae kang kliwatan takere.

- **Pandonga Pisungsung**

PANGAKEN PITADOS RASULI *(jumeneng)*

Imam: Pasamuwan kasuwun jumeneng.
Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang makaten: **Kawula pitados**……

PANGUTUSAN lan BERKAH

Pdt: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti, dadosa seksinipun Gusti wonten ing pundi papan, lan panjenengan tampi berkahipun Gusti:

"Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu." Amin.

KIDUNG PANUTUP → KPJ 404: 1,2 "Gusti Yesus Ratu Adil"

1) Gusti Yesus Ratu Adil, panetep panata gami kang mengku sajagad rat.
Sagung ilat badhe nyebut, sakathahing dhengkul sujud
mring Gustining praumat, mring Gustining praumat.

2) Namung dening Kanjeng Gusti kita saged dados suci kinumbah klayan rah-Nya.
Gesang langgeng wus sinungken, wah tyang dosa rinukunken,
lantaran Sang Pamarta, lantaran Sang Pamarta